

Mwari Anotuma Mosesi kuljipiti

EKSODHO ZVITSAUKO 3-12



JEHOVHA NDIYE AITaura
ACHISHANDISA Ngirozi.

MOSES!

NDIRI
PANO.

NDINI MWARI WEMADZIBABA AKO.
VANHU VANGU, VAISRAERI, VARI
KUTAMBUDZIKA MUJIPITI. NDINODA
KUKUTUMA UNOTAURA NAFARAO,
UBUDISE VANHU VANGU MUJIPITI.

MOSESI NEMUKOMA WAKE ARONI,
VANOENDA KUNOONANA NAFARAO.

JEHOVHA ATI: "REGA
VANHU VANGU
VAENDE KURENJE
KUTI VANONDINAMATA."

JEHOVHA
NDIANIKO? HANDISI
KUZOREGA
VAISRAERI
VACHIENDA.

ARONI ANOTOITA **CHISHAMISO** PAMBERI PAFARAO KUTI ARATIDZE
KUTI VATUMWA NAMWARI. (VERENGA EKSODHO 7:8-13.)

ASI FARAO AKARAMBA **AKAOMESA MUSORO**,
ACHIRAMBA KUBUDISA VANHU VAJEHOVHA MUJIPIPI.

JEHOVHA ANOBVA AUNZA
MATAMBUDZIKO 9 PAJIPITI.

RWIZI RWANIRE
RWUNOSHANDUKA KUVA ROPA.

NYIKA INOZARA NEMATATYA.

TUNOBHURURUKA TUNONZI
UNYUNYU TUNOMOTERA
VANHU NEMHUKA.

MBUO DZINOPINDA MUMBA
DZOPARADZA NYIKA.

MHUKA DZAKAWANDA DZINOURAIWA NEZVIRWERE.

VAIJIPITI PAMWE CHETE NEMHUKA
DZAVO VANOITA MAMOTA
ANORWADZA ANE MARONDA.

CHIMVURAMABWE UYE MOTO ZVINOPARADZA
MINDA ZVICHIRAYA VANHU NEMHUKA.

MHASHU DZINODYA ZVINOMERA ZVOSE
ZVAKANGA ZVASARA PAKAPARADZWA
ZVINHU NECHIMVURAMABWE.

KUNOITA RIMA MUNYIKA
KWEMAZUVA MATATU.

ASI FARAO ANORAMBA
KUENDESA VAISRAERI.

MOSESI NAARONI
VANODZOKERAZVE
KUNA FARAO.

JEHOVHA ATI: "NDICHAUNZA
RIMWEZVE DAMBUDZIKO
PAIJIPITI. PANENGE PAKATI
POUSIKU, MATANGWE OSE
ACHAFA."

ZVECHOKWADIWO, USIKU IHWOHWO, JEHOVHA
ANOTUMA NGIROZI YAKE KUTI IURAYE **MATANGWE**
OSE EVAJIPITI VASINGATEERERI MWARI . . .

KUSANGANISIRA
MWANAKOMANA WAFARAO.
(VERENGA PISAREMA 78:49-51.)

CHIBVAI MUENDE,
MUNONAMATA
JEHOVHA,
SEZVAMAKATAURA.

VAISRAERI VOSE VANOTENDERWA
KUBUDA MUIJIPITI.

ASI VAISRAERI VACHINE MAMWE MATAMBUDZIKO
AVACHASANGANA NAWO. JEHOVHA
ACHAVACHENGETEDZA SEI? VERENGA MHINDURO
YACHO MUNYAYA ICHATEVERA.

TINODZIDZEI MUNYAYA IYI?

NEI FARAO ASINA KUTEERERA MOSESI
NAARONI?

ZVINGANGOKUBATSIRA: EKSODHO 9:17;
PISAREMA 66:6, 7.

MOSESI AIVA AKASIYANA NAFARAO PAKUDINI?
ZVINGANGOKUBATSIRA: NUMERI 12:3.

ZVAKANAKIREI KUVA MUNHU **MUNYORO** PANE
KUVA MUNHU ANODADA UYE AKAOMA
MUSORO?

ZVINGANGOKUBATSIRA: PISAREMA 37:11;
ZEKARIYA 7:8-12.